

Frè m ak Sè m yo:

Nou kontan anpil pou enfòmè w depi nan Lendi ki ap 18 Me, legliz nou an prale ouvè youn lòt fwa ankò pou lapriyè pèsone. Lè yo se ap soti 9am rive 1pm e soti 5pm rive 9pm, soti Lendi rive Vandredi. Legliz la ap dezenfekte chak jou soti 1pm rive 5pm pandan li ap fèmen. Nou mande pandan vizit pèsone ou a nan legliz la pou ou mete mask toutan e pou ou konfòmè w ak règleman yo sou koze distans sosyal la ki se omwens 6 pye.

Nou pa konnen ki lè Lamès an piblik yo ap reprann, men sanble sa ap fèt nan semenn kap vini yo. Nou konte sou rekòmasyon otorite yo e Evèk nou an. Depi nou konnen ki lè Lamès an piblik prale reprann nou ap voye enfòmasyon an pou ou. Nou rekòmande w telechaje aplikasyon pawasyal la “MyParish App” epi chwazi St. Ann kòm pawas ou dekwa pou ou ka konnen atan tout anons pawas nou an. App sa a ap disponib nan App Smartphones ou yo, (Telefòn entèlijan ou yo). Tout dènye enfòmasyon yo ap sou sit wèb pawas la (<https://stannchurchwpb.org>) e nan bilten chak semenn lan.

Pou nou byen prepare pou nouvo reyalite a nou prale fè fas ansanm nan, nou ap ba ou kèk nan mezi nou prale pran dekwa pou nou ka konfòmè nou ak direktiv yo epi kenbe tout moun an sekirite plis ke posibil. Premyeman, nou ankouraje moun ki vilnerab yo, granmoun yo e sila yo ki malad yo rete lakay. Si ou malad tanpri pa vini Lamès jiskaske ou refè, e si ou granmoun oubyen vilnerab, nou mande w tanpri rete tann jiska nouvèl òd, pou ou rekòmanse prezan nan Lamès yo. Nou konnen sa difisil, ou manke nou plis pase sa ou ka imajine, men nou dwe an sekirite e plis pridant ke posibil. Evèk la kontinye ofri dispans pou obligasyon Lamès Dimanch a tout moun ki pou kelkeswa rezon pèsone yo pa alèz pou asiste Lamès. Nou prale kontinye ofri Lamès sou YouTube, Facebook e sou sit wèb Pawas la. Ankò, nou remèsye Radio Catolica ki rive fè sa posibil. Rekòmasyon pou kounyea limite pou Lamès a 25 % de kantite moun nou ka genyen. Nan legliz nou an nou estime nou ka rive jiska 75 moun. Nou prale ajoute youn lòt Lamès sou pwopriyete a ki ap selebre an menmtan si kantite moun ki ta dwe vini an gentan rive nan limit li. Nou prale genyen manm akèy yo nan pòt yo nan legliz la pou montre w plas ou. Nou mande w tanpri swiv enstriksyon manm akèy yo. Andan legliz la mask yo prale nesesè e tout lòt kote Lamès ap selebre. Nou prale pratike distans sosyal (fizik) ki se omwens 6 pye, e manm akèy yo ap mete w chita jan sa dwe fèt dekwa pou distans apwopriye a kapab kenbe. Kòm nou tout konnen, dezenfektan vini ra anpil jodia, e nou pap ka bay tout kominote a paske nou pa genyen l pou bay, tanpri pote pa ou. Antretan nou ap kontinye chache konsa nou ka achte si li vini disponib.

Lòt chanjman pre-karantèn no te fè yo prale kontinye. Nou prale resevwa kominyon selman nan men nou, pa genyen kenbe men pandan nou ap di “Papa nou” epi pou lapè se men nou pou nou voye tankou lè nou ap salye moun ki a youn distans. Nou konnen se youn tan difisil pou nou tout, men nou konnen byento nou prale ansanm youn fwa ankò pou selebre sakrifis Lamès la ki Sen an. Se vre li difisil, men nou ka fè sa ansanm. Pou repete Saint Pòl, “Mwen kapab fè tout bagay nan Kris la ki ban mwen fòs la”. Nou ap rejwi pou nou wè ou byento, se pou Bondye beni w e kenbe w nan plan men Li

P. Nestor Rodriguez